Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE ANPLWAYE OTORITE THRUWAY ETA NOUYÒK JAMIL WILSON

Yo pral flote drapo a demi ma atravè etablisman Eta Nouyòk yo vandredi 30 oktòb la

Yo pral limen Pon Gouvènè Mario M. Cuomo an koulè oranj nan aswè vandredi 30 oktòb la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta yo pral flote a demi ma nan depi solèy leve rive solèy kouche vandredi 30 oktòb la, pou onore Jamil Wilson, anplwaye Otorite Thruway Eta Nouyòk la. Gouvènè a te bay lòd tou pou yo limen Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a an oranj nan sware vandredi 30 oktòb la. Wilson, yon travayè antretyen Thruway nan Seksyon Antretyen Cross Westchester Expressway (CWE), te blese mòtèlman sou CWE nan vil White Plains nan dat 19 oktòb pandan l t ap koupe gazon.

"Panse ak priyè nou yo rete avèk fanmi ak zanmi Jamil yo pandan y ap fè dèy pou pèt trajik ak san sans yon patnè, yon paran ak yon zanmi devwe", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mesye ak medam k ap kenbe wout nou yo an sekirite merite respè ak tout atansyon nou lè nou dèyè volan an. Se pou pèt tris Jamil la sèvi kòm yon rapèl ke nou tout dwe fè pati pa nou pou kenbe youn lòt an sekirite sou wout la lè nou konsantre sèlman sou kondwi, ralanti nan zòn travay yo epi pase sou kote lè gen yon machin ki kanpe sou bò otowout la."

Jamil te yon anplwaye pandan sis ane nan Otorite Thruway Eta Nouyòk la. Li kite nan dèy fiyanse li, de pitit li yo ak anpil moun pwòch.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.